

BAB III

MÉTODE PANALUNGTIKAN

3.1 Lokasi jeung Subjék Panalungtikan

3.1.1 Lokasi Panalungtikan

Lokasi panalungtikan nya éta tempat dilakukeunna panalungtikan sangkan prosés panalungtikan bisa bérés dina waktu anu geus ditangtukeun. Lokasi panalungtikan misalna; provinsi, kabupatén/kota, kecamatan, kelurahan/desa, perusahaan, laboratorium, dinas, lembaga, instansi, sakola, jrrd (Riduwan, 2006:12).

Dumasar kana pedaran di luhur, anu jadi lokasi panalungtikan nya éta sakola. Anapon sakola anu jadi lokasi panalungtikan téh nya éta SMPN 1 Katapang. Perenahna SMPN 1 Katapang téh di Jalan Terusan Kopo Km. 13 No. 245 Kabupaten Bandung.

3.1.2 Subjék Panalungtikan

Subjék panalungtikan nya éta anggota populasi anu ngawengku tina jalma-jalma biasa, tapi saupama lain mangrupa jalma disebut objék panalungtikan (Sukmadinata, 2006:250). Ku kituna, subjék panalungtikan téh ngawengku populasi jeung sampel.

3.1.2.1 Populasi

Populasi nya éta sakabéh obyék anu bakal ditalungtik dina hiji kagiatan panalungtikan, boh mangrupa banda, manusa, kajadian, boh *gejala-gejala* anu bakal kajadian. Ieu sakabéhna paling saeutik kudu miboga sifat-sifat anu sarua. Ku kituna, populasi nya éta sakabéh sumber data anu jadi obyék panalungtikan (Suyatna, 2002:10).

Sukmadinata (2006:250), populasi nya éta kelompok gedé jeung wilayah anu jadi lingkup panalungtikan.

Populasi nya éta sakabéh subjék panalungtikan (Arikunto, 2010:173).

Riduwan (2006:54), populasi nya éta objék atawa subjék anu aya dina hiji wilayah anu nyumponan sarat-sarat anu tangtu sarta patali jeung masalah panalungtikan.

Dumasar kana sababaraha wangenan di luhur, bisa dicindekkeun yén populasi nya éta sakabéh sumber data anu jadi lingkup panalungtikan. Anu dijadikeun populasi dina ieu panalungtikan nya éta murid SMP kelas IX SMP Negeri 1 Katapang taun ajaran 2012/2013 anu jumlahna aya 11 kelas, nya éta kelas IX-A, IX-B, IX-C, IX-D, IX-E, IX-F, IX-G, IX-H, IX-I, IX-J, jeung IX-K. Éta sakabéh kelas IX téh miboga karakterisasi anu méh sarua.

3.1.2.2 Sampel

Sampel mangrupa bagéan tina populasi sarta disebutkeun bisa ngawakilan populasi (Suyatna, 2002:11). Dina nangtukeun sampel tangtu kudu ngawakilan kana populasi anu aya, dina harti sampel anu dipilih kudu réprésentatif ngawakilan populasi.

Sampel nya éta sabagéan atawa wawakil populasi anu ditalungtik (Arikunto, 2010:174).

Sukmadinata (2006:250), sampel nya éta kelompok leutik anu bener-bener ditalungtik jeung dicokot kacindekanna.

Dumasar kana sababaraha wangenan di luhur bisa dicindekkeun yén sampel téh nya éta sabagéan populasi anu ditalungtik. Sampel anu digunakeun dina ieu panalungtikan nya éta sampel *random* sederhana atawa sampel acak sederhana (*sample random sampling*). Dina sampel acak sederhana, sakabéh individu anu jadi anggota populasi miboga kasempetan anu sarua pikeun dipilih jadi sampel. Sabab unggal individu miboga karakteristik anu sarua pikeun dijadikeun sampel.

Mia Tresnawati, 2013

Pengaruh basa di kulawarga kana kamampuh ngalarapkeun undak usuk basa sunda siswa Smp Negeri 1 Katapang

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

Anapon téhnik ngumpulkeun sampel anu digunakeun saluyu jeung pamadegan Surakhmad (Riduwan, 2004:65) yén saupama ukuran populasi lobana kurang leuwih ti 100, mangka sampel anu dicokot sakurang-kurangna 50% tina ukuran populasi. Saupama ukuran populasi sama jeung atawa leuwih tina 1000 ukuran sampel dipiharep sakurang-kurangna 15% tina ukuran populasi.

Panangtuan jumlah sampel dilakukeun ngagunakeun rumus anu diébréhkeun ku Riduwan (2005:65) saperti ieu di handap.

$$S = \frac{15\% + 1000 - n \cdot (50\% - 15\%)}{1000 - 100}$$

Katerangan:

S = jumlah sampel anu dicokot

n = jumlah anggota populasi

$$S = \frac{15\% + 1000 - 385 \cdot (50\% - 15\%)}{1000 - 100}$$

$$S = \frac{15\% + 615 \cdot (35\%)}{900}$$

$$S = 15\% + 0,68 (35\%)$$

$$S = 15\% + 23,92\%$$

$$S = 38,92\% \text{ dibuleudkeun jadi } 39\%$$

Jadi, jumlah sampel lobana $39\% \times 385 = 150,15$ réspodén dibuleudkeun jadi 151 réspodén.

Ku kituna, kelas IX anu dijadikeun sampel nya éta kelas IX-D, IX-E, IX-H jeung IX-J. Kelas nu dipilih téh dumasar kana jumlah siswana sangkan bisa nyumponan jumlah sampel anu geus ditangtukeun.

3.2 Desain Panalungtikan

Mia Tresnawati, 2013

Pengaruh basa di kulawarga kana kamampuh ngalarapkeun undak usuk basa sunda siswa Smp Negeri 1 Katapang

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

Dumasar kana métode panalungtikan anu digunakeun nya éta métode déskriptif kuantitatif jeung dumasar kana judul panalungtikan nya éta “Pengaruh Basa di Kulawarga kana Kamampuh Ngalarapkeun Undak Usuk Basa Sunda” mangka desain panalungtikanna nya éta:



Keterangan:

x = basa di kulawarga

y = kamampuh ngalarapkeun UUBS

Desain panalungtikan némbongkeun yén antara variabel x jeung variabel y téh silih pangaruhan. Basa di kulawarga méré pangaruh kana kamampuh ngalarapkeun UUBS sarta kamampuh ngalarapkeun UUBS dipangaruhan ku basa di kulawarga.

3.3 Métode Panalungtikan

Métode anu digunakeun dina ieu panalungtikan nya éta métode déskriptif. Métode déskriptif nya éta métode anu dipaké pikeun ngadéskripsikeun ku cara nyieun gambaran sacara sistematis, faktual jeung akurat ngeunaan fakta-fakta jeung sifat-sifat populasi atawa daérah nu tangtu (Suyatna, 2002:14).

Métode panalungtikan déskriptif nya éta métode anu miboga tujuan pikeun nyieun déskripsi; maksudna nyieun gambaran, lukisan sacara sistematis, faktual; jeung akurat ngeunaan data, sifat-sifat sarta hubungan fenomena-fenomena anu ditalungtik (Djajasudarma, 2010:9).

Dina panalungtikan deskriptif, panalungtik teu ngalakukeun manipulasi atawa méré *perlakuan-perlakuan* nu tangtu kana variabel atawa ngararancang hiji hal anu dipiharep kajadian kana variabel, tapi sakabéh kagiatan, kaayaan,

Mia Tresnawati, 2013

Pengaruh basa di kulawarga kana kamampuh ngalarapkeun undak usuk basa sunda siswa Smp Negeri 1 Katapang

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

kajadian, aspék, komponén atawa variabel lumangsung sakumaha ayana (Sukmadinata, 2006:74).

Anapon pamarekan anu digunakeun dina ieu panalungtikan nya éta pamarekan kuantitatif. Pamarekan kuantitatif nya éta hiji prosés meunangkeun pangaweruh anu ngagunakeun data mangrupa angka minangka alat pikeun meunangkeun katerangan ngeunaan naon anu hayang dipikanyaho. Pamarekan kuantitatif ngagunakeun instrumén-instrumén formal, standar jeung miboga sifat ngukur (Sukmadinata, 2006:95).

Meleong (Djajasudarma, 2010:9) nétélakeun yén, dina panalungtikan kuantitatif, data kudu di bener-bener diitung, nepi ka teu meunang aya nu kaliwat. Pikeun ngitung data, panalungtik kudu mikanyaho jumlah data sakabéhna, jeung dina klasifikasina ogé jumlahna kudu bener. Panalungtikan kuantitatif ngawengku unggal wanda panalungtikan dumasar kana perséntase, rata-rata, chi-kuadrat, jeung pangitungan statistik lianna. Ku kituna, kuantitatif dina panalungtikan kuantitatif ngawengku kana pangitungan atawa angka atawa kuantitas.

Ku dipilihna panalungtikan kuantitatif, mangka perlu ngagunakeun analisis data. Ieu analisis téh patali jeung cara ngitung pikeun ngajawab hipotésis anu diajukeun. Téhnik analisis data anu digunakeun nya éta ngagunakeun rumus Chi-Kuadrat (χ^2) saperti ieu di handap.

$$\chi^2 = \sum \frac{(fo - fe)^2}{fe} \quad (\text{Riduwan, 2006:132})$$

Dipilihna métode déskriptif dina ieu panalungtikan ku sabab luyu jeung tujuan nu rék dihontal nya éta pikeun ngadéskripsikeun data anu geus dikumpulkeun, anu satuluyna dianalisis jeung ditafsirkeun.

Dina ieu panalungtikan, digunakeun métode déskriptif pikeun ngaréngsékeun atawa ngajawab pasualan ku jalan maké léngkah-léngkah; ngarumuskeun masalah, ngarumuskeun hipotésis, ngayakeun observasi ka tempat

panalungtikan, nangtukeun subjék panalungtikan, nyusun instrumén pikeun ngumpulkeun data, ngumpulkeun jeung nganalisis data, ngadéskripsikeun jeung nyieun kacindekan tina hasil analisis data.

3.4 Wangenan Operasional

- 1) Pangaruh basa di kulawarga nya éta daya anu aya atawa anu timbul tina dipakéna basa di kulawarga anu ngawarnaan, ngawangun karakter kana kalakuan hiji jalma anu ngagunakeunana pikeun komunikasi. Masarakat Jawa Barat kuduna ngagunakeun basa Sunda di lingkungan kulawargana.
- 2) Kamampuh ngalarapkeun undak usuk basa Sunda hartina nya éta mahér tur tapis dina ngalarapkeun UUBS nu merenah. Lamun hiji jalma nyarita henteu maké UUBS, beunang disebutkeun yén éta jalma teu boga kasopanan atawa teu boga tatakrama.

Ku kituna, Pangaruh Basa di Kulawarga kana Kamampuh Ngalarapkeun Undak Usuk Basa Sunda Siswa SMP Negeri 1 Katapang hartina nya éta pangaruh basa di kulawarga kana kamampuh siswa dina ngalarapkeun UUBS nu merenah.

3.5 Instrumén Panalungtikan

Instrumén panalungtikan nya éta alat anu digunakeun ku panalungtik pikeun ngukur variabel anu ditalungtikna. Anapon instrumén anu digunakeun pikeun ngumpulkeun data panalungtikan nya éta instrumén tés, angkét, jeung observasi. Sedengkeun pikeun ngolah datana disadiakeun format mangrupa tabél.

Dina nyusun instrumén panalungtikan, kudu mikanyaho jeung maham kana wanda skala pengukuran anu digunakeun sarta tipe-tipe skala pengukuran sangkan instrumén bisa diukur saluyu jeung naon anu rék diukur jeung bisa dipercaya sarta konsistén kana masalah instrumén panalungtikan.

Skala pengukuran digunakeun pikeun ngaklasifikasikeun variabel anu rék diukur sangkan teu salah dina nangtukeun analisis data jeung léngkah

panalungtikan satuluyna. Anapon skala pengukuran anu digunakeun dina ieu panalungtikan nya éta skala nominal.

Riduwan (2006:83) nétélakeun yén skala nominal nya éta skala anu pangsederhanana anu disusun numutkeun wanda (katégorina) atawa fungsi angka ngan saukur simbol pikeun ngabédakeun hiji karakteristik jeung karakteristik lainna. Tés statistik anu digunakeun nya éta statistik non parametrik.

Skala nominal digunakeun dina ieu panalungtikan pikeun ngabédakeun karakteristik jawaban siswa dina angkét. Anapon wincikanana nya éta; 4 pikeun nu milih jawaban a., 3 pikeun nu milih jawaban b., 2 pikeun nu milih jawaban c., jeung 1 pikeun nu milih jawaban d.

3.5.1 Instrumén Pangumpul Data

3.5.1.1 Angkét

Soal Angkét Siswa

ANGKÉT SISWA

Wasta :

Kelas :

Wasta bapa/indung :/.....

Alamat :

No. Hp :

Pituduh:

- 1) Tulis wasta hidep anu lengkep di tempat anu geus disadiakeun!
- 2) Baca sing gemet saméméh ngajawab patalékan-patalékan di handap!
- 3) Eusian ieu angkét ku hidep kalayan jujur!
- 4) Pilih salah sahiji jawaban ku cara méré tanda cakra (x) salaku jawaban nu dianggap paling bener keur ngeusian titik-titik anu geus disadiakeun!
- 5) Saupama pilihan jawaban anu disadiakeun lain jawaban anu bener, prak eusian titik-titik anu geus disadiakeun ku jawaban anu dianggap paling bener!

Patalékan:



6. Waktu nyarita ka adi jeung ka lanceuk basa naon nu digunakeun ku hidep?
 - a. Basa Sunda
 - b. Basa Jawa
 - c. Basa Indonesia
 - d. Basa campuran Sunda-Indonesia
7. Waktu nyarita ka dulur basa naon nu digunakeun ku hidep?
 - a. Basa Sunda
 - b. Basa Jawa
 - c. Basa Indonesia
 - d. Basa campuran Sunda-Indonesia
8. Basa naon nu digunakeun ku hidep waktu nyarita jeung babaturan di lingkungan imah?
 - a. Basa Sunda
 - b. Basa Jawa
 - c. Basa Indonesia
 - d. Basa campuran Sunda-Indonesia
9. Basa naon nu digunakeun ku hidep waktu nyarita jeung babaturan di sakola (di luar jam pelajaran)?
 - a. Basa Sunda
 - b. Basa Jawa
 - c. Basa Indonesia
 - d. Basa campuran Sunda-Indonesia
10. Basa naon nu digunakeun ku hidep di lingkungan masarakat, hususna jeung tatangga?
 - a. Basa Sunda
 - b. Basa Jawa
 - c. Basa Indonesia
 - d. Basa campuran Sunda-Indonesia
11. Basa naon nu digunakeun ku hidep waktu ngobrol jeung guru (di luar jam pelajaran)?
 - a. Basa Sunda
 - b. Basa Jawa
 - c. Basa Indonesia
 - d. Basa campuran Sunda-Indonesia



16. Basa naon nu digunakeun ku hidep waktu balanja (di warung/ toko/pasar/ swalayan/jrrd)?
- a. Basa Sunda
 - b. Basa Jawa
 - c. Basa Indonesia
 - d. Basa campuran Sunda-Indonesia
17. Basa naon nu digunakeun ku hidep waktu nyarita jeung supir/kenék?
- a. Basa Sunda
 - b. Basa Jawa
 - c. Basa Indonesia
 - d. Basa campuran Sunda-Indonesia
18. Basa naon nu digunakeun ku hidep waktu nga-sms?
- a. Basa Sunda
 - b. Basa Jawa
 - c. Basa Indonesia
 - d. Basa campuran Sunda-Indonesia
19. Basa naon nu digunakeun ku hidep waktu nyarita dina telepon/hp?
- a. Basa Sunda
 - b. Basa Jawa
 - c. Basa Indonesia
 - d. Basa campuran Sunda-Indonesia
20. Basa naon nu digunakeun ku hidep waktu komunikasi dina jejaring sosial (facebook/twitter/jrrd)?
- a. Basa Sunda
 - b. Basa Jawa
 - c. Basa Indonesia
 - d. Basa campuran Sunda-Indonesia



Soal Angkét Ka Sepuh Siswa

ANGKÉT KA SEPUH SISWA

Wasta :

Tempat, ping gumelar :

Pakasaban :

Alamat :

No. Telp/ HP :

Wasta siswa :

Pituduh:

- 1) Tulis wasta anu lengkep di tempat anu geus disadiakeun!
- 2) Baca sing gemet saméméh ngajawab patalékan-patalékan di handap!
- 3) Eusian ieu angkét kalayan jujur!



6. Basa naon nu dipaké ku bapa waktu nyarita ka budak?
 - a. Basa Sunda
 - b. Basa Jawa
 - c. Basa Indonesia
 - d. Basa campuran Sunda-Indonesia
7. Basa naon nu dipaké ku indung waktu nyarita ka budak?
 - a. Basa Sunda
 - b. Basa Jawa
 - c. Basa Indonesia
 - d. Basa campuran Sunda-Indonesia
8. Basa naon nu dipaké ku budak waktu nyarita ka indung-bapa?
 - a. Basa Sunda
 - b. Basa Jawa
 - c. Basa Indonesia
 - d. Basa campuran Sunda-Indonesia
9. Basa naon nu dipaké ku budak waktu nyarita ka adi jeung lanceukna?
 - a. Basa Sunda
 - b. Basa Jawa
 - c. Basa Indonesia
 - d. Basa campuran Sunda-Indonesia
10. Basa naon nu dipaké ku budak waktu nyarita jeung dulurna?



3.5.1.2 Tés

Soal Tés

SOAL TÉS

Wasta :

Kelas :

Sakola :

Pituduh:

- 1) Tulis wasta hidep anu lengkep di tempat anu geus disadiakeun!
- 2) Baca sing gemet saméméh ngajawab patalékan-patalékan di handap!



3.5.1.3 Observasi

Mia Tresnawati, 2013

Pengaruh basa di kulawarga kana kamampuh ngalarapkeun undak usuk basa sunda siswa Smp Negeri 1 Katapang

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

Observasi nu digunakeun dina ieu panalungtikan nya éta observasi *non-sistematis*. Observasi *non-sistematis* nya éta observasi anu dilakukeun ku panalungtik nu teu ngagunakeun instrumén *pengamatan*. Observasi anu ditekenkeun dina ieu panalungtikan nya éta leuwih dipuseurkeun dina kagiatan siswa di sakola utamana nalika pangajaran lumangsung di kelas. Observasi dipaké pikeun meunangkeun informasi jeung ngumpulkeun data ngeunaan basa di kulawarga anu dipaké ku siswa jeung kumaha kamampuh siswa dina ngalarapkeun undak usuk basa Sundana sacara teu langsung. Ku kituna, teu aya instrumén pangumpul datana.



3.5.2 Instrumén Ngolah Data

3.5.2.1 Angkét

Angkét Siswa

Pikeun ngolah data panalungtikan disadiakeun tabél saperti ieu di handap.

Tabél 3.1

Data Basa di Kulawarga nu Digunakeun Siswa SMPN 1 Katapang

No.	Jawaban Angkét Siswa																				
	1	2	3	4	5	6	7	8	9	10	11	12	13	14	15	16	17	18	19	20	21

Katerangan: Kolom ka 1 no. urut siswa salaku sampel dina angkét

Kolom ka 2 nepi ka 22 no. soal dina angkét

Sanggeus data kabéh diasupkeun kana tabél *coding from* di luhur, tuluy diasupkeun kana tabél husus saluyu jeung klasifikasina.

Tabél 3.2

Suku Bangsa Kulawarga Siswa

No.	Kulawarga Siswa	Suku Bangsa	Frékuénsi	Perséntase
1.	Bapa	Sunda Jawa Sumatera Dayak		
Jumlah				

Mia Tresnawati, 2013

Pengaruh basa di kulawarga kana kamampuh ngalarapkeun undak usuk basa sunda siswa Smp Negeri 1 Katapang

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

2.	Indung	Sunda Jawa Sumatera		
Jumlah				
3.	Siswa	Sunda Jawa Sumatera		
Jumlah				

Tabél 3.3
Basa di Kulawarga Siswa

No.	Basa di Kulawarga	Frékuénsi	Perséntase
1.	Basa Sunda		
2.	Basa Jawa		
3.	Basa Indonesia		
4.	Basa campuran Sunda-Indonesia		
Jumlah			

Tabél 3.4
Data Basa nu Digunakeun Dumasar kana Waktu jeung Situasi

No.	Basa nu Digunakeun Dumasar kana Waktu jeung Situasi	Frékuénsi	Perséntase
1.	Waktu nyarita ka indung-bapa		
	Sunda		
	Jawa		
	Indonesia		

	Campuran Sunda-Indonesia		
Jumlah			
2.	Waktu nyarita ka adi jeung ka lanceuk		
	Sunda		
	Jawa		
	Indonesia		
	Campuran Sunda-Indonesia		
Jumlah			
3.	Waktu nyarita ka dulur		
	Sunda		
	Jawa		
	Indonesia		
	Campuran Sunda-Indonesia		
Jumlah			
4.	Waktu nyarita jeung babaturan di lingkungan imah		
	Sunda		
	Jawa		
	Indonesia		
	Campuran Sunda-Indonesia		
Jumlah			
5.	Waktu nyarita jeung babaturan di sakola (di luar jam pelajaran)		
	Sunda		
	Jawa		
	Indonesia		
	Campuran Sunda-Indonesia		
Jumlah			

6.	Waktu nyarita di lingkungan masarakat, hususna jeung tatangga		
	Sunda		
	Jawa		
	Indonesia		
	Campuran Sunda-Indonesia		
Jumlah			
7.	Waktu ngobrol jeung guru (di luar jam pelajaran)		
	Sunda		
	Jawa		
	Indonesia		
	Campuran Sunda-Indonesia		
Jumlah			
8.	Waktu istirahat		
	Sunda		
	Jawa		
	Indonesia		
	Campuran Sunda-Indonesia		
Jumlah			
9.	Waktu suasana haté keur bungah		
	Sunda		
	Jawa		
	Indonesia		
	Campuran Sunda-Indonesia		
Jumlah			
10.	Waktu suasana haté keur sedih		
	Sunda		

	Jawa		
	Indonesia		
	Campuran Sunda-Indonesia		
Jumlah			
11.	Waktu suasana haté keur ambek		
	Sunda		
	Jawa		
	Indonesia		
	Campuran Sunda-Indonesia		
Jumlah			
12.	Waktu balanja (di warung/ toko/ pasar/ swalayan/ jrrd)		
	Sunda		
	Jawa		
	Indonesia		
	Campuran Sunda-Indonesia		
Jumlah			
13.	Waktu nyarita jeung supir/kenék		
	Sunda		
	Jawa		
	Indonesia		
	Campuran Sunda-Indonesia		
Jumlah			
14.	Waktu nga-sms		
	Sunda		
	Jawa		
	Indonesia		
	Campuran Sunda-Indonesia		

Jumlah			
15.	Waktu nyarita dina telepon/hp		
	Sunda		
	Jawa		
	Indonesia		
	Campuran Sunda-Indonesia		
Jumlah			
16.	Waktu komunikasi dina jejaring sosial (facebook/twitter/jrrd)		
	Sunda		
	Jawa		
	Indonesia		
	Campuran Sunda-Indonesia		
Jumlah			

Tabél 3.5
Pintonan Drama Basa Sunda

No.	Pintonan Drama Basa Sunda	Frékuénsi	Perséntase
1.	Resep pisan		
2.	Resep		
3.	Kurang resep		
4.	Teu resep		
Jumlah			

Angkét Sepuh Siswa

Pikeun ngolah data panalungtikan disadiakeun tabél saperti ieu di handap.

Tabél 3.6

Data Basa di Kulawarga nu Digunakeun Sepuh Siswa SMPN 1 Katapang

No.	Jawaban Sepuh Siswa														
	1	2	3	4	5	6	7	8	9	10	11	12	13	14	15

Katerangan: Kolom ka 1 no. urut sepuh siswa dumasar no. urut siswa salaku sampel dina angkét

Kolom ka 2 nepi ka 22 no. soal dina angkét

Sanggeus data kabéh diasupkeun kana tabél *coding from* di luhur, tuluy diasupkeun kana tabél husus saluyu jeung klasifikasina.

Tabél 3.7

Suku Bangsa Kulawarga Siswa Dumasar Angkét Sepuh Siswa

No.	Kulawarga Siswa	Suku Bangsa	Frékuénsi	Perséntase
1.	Bapa	Sunda Jawa Sumatera Dayak		
Jumlah				
2.	Indung	Sunda Jawa Sumatera		
Jumlah				
3.	Siswa	Sunda		

Mia Tresnawati, 2013

Pengaruh basa di kulawarga kana kamampuh ngalarapkeun undak usuk basa sunda siswa Smp Negeri 1 Katapang

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

		Jawa		
		Sumatera		
Jumlah				

Tabél 3.8

Data Basa nu Digunakeun Dumasar kana Waktu jeung Situasi

No.	Basa nu Digunakeun Dumasar kana Waktu jeung Situasi	Frékuénsi	Perséntase
1.	Waktu bapa nyarita ka indung		
	Sunda		
	Jawa		
	Indonesia		
	Campuran Sunda-Indonesia		
Jumlah			
2.	Waktu indung nyarita ka bapa		
	Sunda		
	Jawa		
	Indonesia		
	Campuran Sunda-Indonesia		
Jumlah			
3.	Waktu bapa nyarita ka budak		
	Sunda		
	Jawa		
	Indonesia		
	Campuran Sunda-Indonesia		
Jumlah			
4.	Waktu indung nyarita ka budak		

	Sunda		
	Jawa		
	Indonesia		
	Campuran Sunda-Indonesia		
Jumlah			
5.	Waktu budak nyarita ka indung-bapa		
	Sunda		
	Jawa		
	Indonesia		
	Campuran Sunda-Indonesia		
Jumlah			
6.	Waktu budak nyarita ka adi jeung ka lanceukna		
	Sunda		
	Jawa		
	Indonesia		
	Campuran Sunda-Indonesia		
Jumlah			
7.	Waktu budak nyarita ka dulur		
	Sunda		
	Jawa		
	Indonesia		
	Campuran Sunda-Indonesia		
Jumlah			
8.	Waktu budak nyarita jeung babaturanna		
	Sunda		
	Jawa		
	Indonesia		
	Campuran Sunda-Indonesia		

Jumlah			
9.	Waktu budak nyarita jeung tatanggana		
	Sunda		
	Jawa		
	Indonesia		
	Campuran Sunda-Indonesia		
Jumlah			
10.	Waktu budak ngobrol jeung guruna		
	Sunda		
	Jawa		
	Indonesia		
	Campuran Sunda-Indonesia		
Jumlah			
11.	Waktu budak dina suasana haté keur bungah/ sedih/ambek/		
	Sunda		
	Jawa		
	Indonesia		
	Campuran Sunda-Indonesia		
Jumlah			

Tabél 3.9

Pangaruh Basa di Kulawarga kana Kamampuh Ngalarapkeun
Undak Usuk Basa Sunda

No.	Pangaruh Basa di Kulawarga kana Kamampuh Ngalarapkeun UUBS	Frékuénsi	Perséntase
1.	Pangaruh		
2.	Teu Pangaruh		

Mia Tresnawati, 2013

*Pangaruh basa di kulawarga kana kamampuh ngalarapkeun undak usuk basa sunda siswa
Smp Negeri 1 Katapang*

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

Jumlah		
---------------	--	--

3.5.2.2 Tés

Sanggeus diranjing-ranjing tuluy diasupkeun kana tabél husus saluyu jeung klasifikasina.

Tabél 3.10

Kamampuh Siswa dina Ngalarapkeun Undak Usuk Basa Sunda

No.	Wasta	Σ Kecap Larapna		% Kecap nu	Peunteun	Interprétasi
		M	TM	Merenah		

Tabél 3.11

Niléy Kamampuh Siswa dina Ngalarapkeun Undak Usuk Basa Sunda

No.	Peunteun	Frékuénsi

Tabél 3.12

Wates Lulus Kamampuh Siswa dina Ngalarapkeun Undak Usuk Basa Sunda

Katégori	Frékuénsi	Perséntase

Tabél 3.13

Basa loma, Basa Lemes keur Sorangan, jeung Basa Lemes keur Batur

No.	Wasta	Σ Kecap Larapna		BLM		BLS		BLB	
		M	TM	M	TM	M	TM	M	TM

Mia Tresnawati, 2013

Pengaruh basa di kulawarga kana kamampuh ngalarapkeun undak usuk basa sunda siswa Smp Negeri 1 Katapang

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

--	--	--	--	--	--	--	--	--	--

3.6 Téhnik Ngumpulkeun Data

Téhnik ngumpulkeun data nya éta téhnik atawa cara-cara anu bisa digunakeun ku panalungtik pikeun ngumpulkeun data (Riduwan, 2006:69). Téhnik ngumpulkeun datana nya éta ngawengku téhnik tés, angkét, jeung observasi.

3.6.1.1 Angkét

Angkét nya éta daftar patalékan anu dibikeun ka jalma anu daék méré réspon (réspondén) saluyu jeung paménta pamakéna. Tujuan pamakéan angkét nya éta néangan informasi anu lengkep ngeunaan hiji masalah jeung réspondén teu ngarasa hariwang saupama réspondén méré jawaban anu teu saluyu jeung kanyataan dina ngeusian daftar pertanyaaan (Riduwan, 2006:71).

Angkét mangrupa sajumlah patalékan sacara tinulis anu digunakeun pikeun meunangkeun informasi ti informan ngeunaan hal-hal anu dipikanyahona. Angkét anu digunakeun dina ieu panalungtikan dumasar kana cara ngajawabna nya éta angkét *tertutup*, dumasar kana jawaban anu dibikeun nya éta angkét langsung sarta dumasar kana wangunna nya éta angkét *pilihan ganda*.

Angkét tertutup nya éta angkét anu jawabanna geus disadiakeun. Ku kituna, réspondén tinggal milih jawabanna. Angkét langsung nya éta angkét anu eusina téh résponden ngajawab ngeunaan dirina. Angkét pilihan ganda nya éta angkét anu geus disadiakeun jawabanna nu mangrupa *pilihan ganda*.

Dina ieu panalungtikan, angkét dipaké pikeun meunangkeun informasi jeung ngumpulkeun data ngeunaan basa nu digunakeun ku siswa sarta kulawargana.

3.6.1.2 Tés

Tés mangrupa hiji instrumén pikeun ngukur kamampuh variabel depénden. Tés eusina ngeunaan runtuyan patalékan anu digunakeun pikeun ngukur kaparigelan, pangaweruh, intelegensi, kamampuh atawa bakat anu dipimilik ku individu atawa kelompok (Suyatna, 2002:23).

Riduwan (2006:76) nétélakeun yén tés minangka instrumén pangumpul data nya éta runtuyan patalékan atawa latihan anu digunakeun pikeun ngukur kaparigelan, pangaweruh, kapinteran, kamampuh atawa bakat anu dipimilik ku individu atawa kelompok.

Dina ieu panalungtikan, téhnik tés digunakeun pikeun ngumpulkeun data kamampuh siswa dina ngalarapkeun UUBS. Tés nu digunakeun dina ieu panalungtikan ngawengku runtuyan patalékan ngeunaan UUBS anu kudu dijawab ku siswa. Runtuyan patalékanna mangrupa ngalarapkeun kekecapan anu disadiakeun salaku jawaban pikeun ngalengkepan kalimah nu geus disadiakeun sangkan jadi kalimah anu merenah UUBS-na.

3.6.1.3 Observasi

Observasi mangrupa instrumén pikeun merhatikeun jeung niténan kajadian-kajadian anu asup kana kategori aktivitas siswa. Observasi ngawengku kagiatan museurkeun panitén kana sakabéh objék nu ngagunakeun sakabéh alat indera (Suyatna, 2002:22).

Observasi nu digunakeun dina ieu panalungtikan nya éta observasi *non-sistematis*. Observasi *non-sistematis* nya éta observasi anu dilakukeun ku panalungtik nu teu ngagunakeun instrumén *pengamatan*. Observasi anu ditekenkeun dina ieu panalungtikan nya éta leuwih dipuseurkeun dina kagiatan siswa di sakola utamana nalika pangajaran lumangsung di kelas. Observasi dipaké pikeun meunangkeun informasi jeung ngumpulkeun data ngeunaan basa di kulawarga anu dipaké ku siswa jeung kumaha kamampuh siswa dina ngalarapkeun undak usuk basa Sundana sacara teu langsung.

Dina ngalaksanakeun ieu panalungtikan téh ngaliwatan sababaraha léngkah, salah sahijina nya éta ngawengku kagiatan ngumpulkeun data. Kagiatan ngumpulkeun data ngaliwatan léngkah-léngkah saperti ieu di handap.

1) Tahap Sasadiaan Ngumpulkeun Data

- (1) Ngalaksanakeun survéy ngeunaan kaayaan jumlah populasi pikeun nangtukeun jumlah sampel.
- (2) Nangtukeun jumlah sampel ngagunakeun rumus pikeun nangtukeun subjék panalungtikan.
- (3) Nyadiakeun alat instrumén pikeun meunangkeun data.

2) Tahap Prak-prakan Ngumpulkeun Data

- (1) Ngajéntrékeun cara-cara ngeusian angkét sarta ngabagikeun lambaran angkét ka unggal anggota sampel.
- (2) Ngajéntrékeun ka siswa yén ngumpulkeun data lain ngan ukur tina angkét tapi tina hasil tés jeung observasi lapangan.
- (3) Ngajéntrékeun ka sampel (kolot siswa jeung siswa) cara-cara ngeusian angkét.
- (4) Ngajéntrékeun ka siswa cara-cara ngeusian tés nu wangunna mangrupa kalimah nu teu lengkep anu jawabanna geus disadiakeun pikeun ngalengkepan éta kalimah.

3.7 Analisis Data

Sangeus data kakumpul tina hasil pangumpulan data, mangka léngkah satuluyna nya éta ngolah data. Kagiatan ngolah data sok disebut ogé kagiatan analisis data (Arikunto, 2010:278). Kagiatan analisis data mibanda tujuan pikeun ngarobah data anu kotor jadi data bersih sarta méré harti kana hasil panalungtikan. Analisis data mangrupa usaha anu dilakukeun pikeun ngaklasifikasikeun atawa ngelompokkeun data. Sacara gurat badag, analisis data ngawengku 3 léngkah saperi ieu di handap.

1) Tatahar.

Mia Tresnawati, 2013

Pengaruh basa di kulawarga kana kamampuh ngalarapkeun undak usuk basa sunda siswa Smp Negeri 1 Katapang

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

- 2) Tabulasi.
- 3) Ngalapkeun data saluyu jeung métode panalungtikan anu digunakeun.

Dina analisis data, aya sababaraha léngkah anu dilakukeun ku panalungtik saperti ieu di handap.

- 1) Mariksa jeung milih data anu asup. Tujuanana sangkan mikanyaho kalengkepan data. Dina waktu mariksa data, kudu ditalaah heula maké katangtuan atawa kaédah anu geus dijieun. Dina ieu léngkah panalungtikan, bakal dipikanyaho data anu geus lengkep, data anu masih kurang jeung data anu teu diperlukeun. Data anu asup tuluy dinomeran pikeun jadi nomer urut siswa.
- 2) Ngaklasifikasikeun data. Hartina ngelompokkeun data atawa milah-milah data anu kakumpul dumasar kana wandana, instrumén anu digunakeun sarta tujuan panalungtikan anu hayang dihontal.
- 3) Tabulasi data. Hartina ngalaporkeun sakabéh data dina wangun tabél. Tabulasi data bisa disaluyukeun jeung kaayaan sarta kabutuhan dina waktu ngalaporkeun panalungtikan. Data basa nu digunakeun ku siswa sarta kolot siswa dilaporkeun dina wangun tabél. Kamampuh siswa dina ngalarapkeun UUBS ogé dilaporkeun dina wangun tabél.
- 4) Téhnik analisis. Téhnik analisis anu digunakeun nya éta analisis kuantitatif nu ngagunakeun rumus chi-kuadrat (χ^2). Rumus chi-kuadrat digunakeun pikeun nganalisis jeung ngajawab hipotésis ngeunaan aya henteuna pangaruh basa di kulawarga kana kamampuh ngalarapkeun UUBS siswa. Dina ieu panalungtikan, larapna UUBS dina soal tés dianalisis sarta diajén merenah henteuna. Skor siswa nya éta jumlah jawaban nu bener. Hasil analisisna diperséntasekeun.

3.7.1 Analisis Basa di Kulawarga

Saacan data basa di kulawarga siswa diasupkeun kana tabél *coding from*, mangka kudu dianalisis heula naggunakeun skala pengukuran. Skala pengukuran

Mia Tresnawati, 2013

Pengaruh basa di kulawarga kana kamampuh ngalarapkeun undak usuk basa sunda siswa Smp Negeri 1 Katapang

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

digunakeun pikeun ngaklasifikasikeun variabel anu rék diukur sangkan teu salah dina nangtukeun analisis data jeung léngkah panalungtikan satuluyna. Anapon skala pengukuran anu digunakeun dina ieu panalungtikan nya éta skala nominal.

Riduwan (2006:83) nétélakeun yén skala nominal nya éta skala anu pangsederhanana anu disusun numutkeun wanda (katégorina) atawa fungsi angka ngan saukur simbol pikeun ngabédakeun hiji karakteristik jeung karakteristik lainna. Tés statistik anu digunakeun nya éta statistik non parametrik.

Skala nominal digunakeun dina ieu panalungtikan pikeun ngabédakeun karakteristik jawaban siswa dina angkét. Anapon wincikanana nya éta; 4 pikeun nu milih jawaban a., 3 pikeun nu milih jawaban b., 2 pikeun nu milih jawaban c., jeung 1 pikeun nu milih jawaban d.

3.7.2 Analisis Kamampuh Ngalarapkeun UUBS

Data hasil tés kamampuh ngalarapkeun UUBS ti 151 urang siswa nu jadi sampel dianalisis kalawan ngagunakeun léngkah-léngkah ieu di handap.

1) Méré peunteun ka unggal siswa

Téhnik ngitung skor mentah kotor jadi skor mentah bersih dumasar kana wangun soal tés ngajodokeun ngagunakeun rumus ieu di handap.

$$Sk = \sum B$$

Keterangan:

Sk = Skor

$\sum B$ = Jumlah jawaban anu bener

(Wirasasmita, 1988: 67)

2) Ngasupkeun kana skala 10

(1) Skor maksimal idéal (SMI)

(2) Skor rata-rata (*mean*) idéal (MI)

$$MI = \frac{1}{2} \times SMI$$

Mia Tresnawati, 2013

Pengaruh basa di kulawarga kana kamampuh ngalarapkeun undak usuk basa sunda siswa Smp Negeri 1 Katapang

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

(3) Standar deviasi idéal (SDI)

$$SDI = 1/3 \times MI$$

(4) Nangtukeun peunteun siswa kana peunteun skala 10

Tabél 3.14
Skala Sapuluh

Skala Sigma	Skala 1-10	Skala Angka
MI + 2,25 SD	10	
MI + 1,75 SD	9	
MI + 1,25 SD	8	
MI + 0,75 SD	7	
MI + 0,25 SD	6	
MI - 0,25 SD	5	
MI - 0,75 SD	4	
MI - 1,25 SD	3	
MI - 1,75 SD	2	
MI - 2,25 SD	1	

Tabél 3.15
Patokan Skala Sapuluh

Tingkat Ngawasa	Skala 10	Keterangan
91% - 100%	10	Sampurna
81% - 90%	9	Alus pisan
71% - 80%	8	Alus
61% - 70%	7	Cukup

Mia Tresnawati, 2013

Pengaruh basa di kulawarga kana kamampuh ngalarapkeun undak usuk basa sunda siswa Smp Negeri 1 Katapang

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

51% - 60%	6	Sedeng
41% - 50%	5	Hampir sedeng
31% - 40%	4	Kurang
21% - 30%	3	Kurang pisan
11% - 20%	2	Goréng
0% - 10%	1	Goréng pisan

3.7.3 Analisis Pangaruh Basa di Kulawarga kana Kamampuh Ngalarapkeun UUBS

Analisis pangaruh basa di kulawarga kana kamampuh ngalarapkeun UUBS ngagunakeun rumus *Chi Kuadrat* (x^2). Anapon léngkah-léngkahna nya éta saperti ieu di handap.

- 1) Nyieun tabél kontingénsi frékuénsi ékspéktasi/harepan (fe) kalawan ngagunakeun rumus:

$$fe = \frac{(\sum fk \times \sum fb)}{\sum T}$$

Katerangan:

fe = frékuénsi anu dipiharep (frékuénsi teoritis)

$\sum fk$ = jumlah frékuénsi dina kolom

$\sum fb$ = jumlah frékuénsi dina baris

$\sum T$ = jumlah sakabéh baris atawa kolom

- 2) Ngitung niléy x^2 kalawan ngagunakeun rumus:

$$x^2 = \sum \frac{(fo - fe)^2}{fe}$$

Keterangan:

x^2 = Niléy chi-kuadrat

f_o = frékuénsi anu diobservasi (frékuénsi empiris)

f_e = frékuénsi anu dipiharep (frékuénsi teoritis)

3) Nangtukeun *derajat kebebasan* (dk) kalawan ngagunakeun rumus:

$$dk = (k - 1) (b - 1)$$

4) Ngabandingkeun x^2 *hitung* jeung x^2 *tabél* pikeun nguji hipotésis

H_o ditolak, lamun x^2 dina *tabél* chi kuadrat leuwih leutik tibatan x^2 *hitung*.

Dina wangun statistikna nya éta:

$x^2_{hitung} \geq x^2_{tabél}$, mangka H_o ditolak

atawa H_o ditarima lamun:

$x^2_{hitung} \leq x^2_{tabél}$, mangka H_o ditarima

(Riduwan, 2006:132)

Dina ieu panalungtikan aya 21 variabel anu dianalisis pikeun nguji hipotésis diantarana nya éta ieu di handap.

- 1) Suku bangsa bapa jeung kamampuh ngalarapkeun UUBS.
- 2) Suku bangsa indung jeung kamampuh ngalarapkeun UUBS.
- 3) Suku bangsa siswa jeung kamampuh ngalarapkeun UUBS.
- 4) Basa di kulawarga siswa jeung kamampuh ngalarapkeun UUBS.
- 5) Basa nu digunakeun ka indung-bapa jeung kamampuh ngalarapkeun UUBS.
- 6) Basa nu digunakeun ka adi/lanceuk jeung kamampuh ngalarapkeun UUBS.
- 7) Basa nu digunakeun ka dulur jeung kamampuh ngalarapkeun UUBS.

Mia Tresnawati, 2013

Pengaruh basa di kulawarga kana kamampuh ngalarapkeun undak usuk basa sunda siswa Smp Negeri 1 Katapang

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

- 8) Basa nu digunakeun ka babaturan di lingkungan imah jeung kamampuh ngalarapkeun UUBS.
- 9) Basa nu digunakeun ka babaturan di sakola jeung kamampuh ngalarapkeun UUBS.
- 10) Basa nu digunakeun ka tatangga jeung kamampuh ngalarapkeun UUBS.
- 11) Basa nu digunakeun ka guru jeung kamampuh ngalarapkeun UUBS.
- 12) Basa nu digunakeun waktu istirahat jeung kamampuh ngalarapkeun UUBS.
- 13) Basa nu digunakeun waktu suasana haté keur bungah jeung kamampuh ngalarapkeun UUBS.
- 14) Basa nu digunakeun waktu suasana haté keur sedih jeung kamampuh ngalarapkeun UUBS.
- 15) Basa nu digunakeun waktu suasana haté keur ambek jeung kamampuh ngalarapkeun UUBS.
- 16) Basa nu digunakeun waktu balanja jeung kamampuh ngalarapkeun UUBS.
- 17) Basa nu digunakeun waktu nyarita jeung supir/kenék jeung kamampuh ngalarapkeun UUBS.
- 18) Basa nu digunakeun waktu nga-sms jeung kamampuh ngalarapkeun UUBS.
- 19) Basa nu digunakeun waktu nyarita dina telepon/HP jeung kamampuh ngalarapkeun UUBS.
- 20) Basa nu digunakeun waktu komunikasi dina jejaring sosial jeung kamampuh ngalarapkeun UUBS.
- 21) Pintonan Drama Basa Sunda jeung Kamampuh Ngalapkeun UUBS.